



Pou Piblikasyon Imedya: 15/04/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL, MAJISTRA PATTERSON-HOWARD, AK CHÈF EGZEKITIF  
KONTE A LATIMER ANONSE PATENARYA ISTORIK POU ADRESE DEFI  
ENFRASTRIKTI DLO KI DIRE DEPI LONTAN NAN VIL MOUNT VERNON**

*Eta a pral konsakre 150 milyon dola pou ranplase enfrastrikti dlo ak egou ki aje,  
amelyore kalite lavi epi pwoteje sante pubblik la*

*Gouvènè a mande 7 milyon dola pou lanse imedyatman enjenyeri, konsepsyon ak  
konstriksyon Pwojè Egou 'Third Street' la*

*Pake asistans 8 milyon dola pou finanse reparasyon ijans ak relanse  
planifikasyon alontèm pou ranplasman tiyo plon*

*Yo bay 3 milyon dola pou Pwogram Pilòt pou Asenisman ak Rezistans Lojman*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon envestisman istorik 150 milyon dola ak yon patenarya tripati san parèy ki etabli avèk Majistra Mount Vernon lan, Shawyn Patterson-Howard, ak Chèf Egzekitif Konte Westchester a, George Latimer, pou avanse imedyatman travay pou adrese defi enfrastrikti dlo ak defi sante pubblik ki gen rapò ak li ki dire depi lotan ki deja ap ravaje vil Mount Vernon pandan plizyè deseni. Nan yon evènman ki te fèt nan Meri Mount Vernon, Gouvènè a te anonse tou lansman imedyat "Pwojè Egou Third Street" (Third Street Sewer Project) la ki koute 7 milyon dola, ki, lè li fini, pral asire sèvis dlo ize ki fyab pou 500 kay ki tou pre a ki kounye a sèvi ak ponp tanporè ak yon sistèm enpwovize ki enstale nan lari a pou asire koleksyon dlo ize adekwa.

"Nan twòp kominate koulè tankou Mount Vernon, yo te kite enfrastrikti dlo enpòtan yo tonbe nan delabreman, men jodi a nou ap trase yon egzamp pou nasyon an nan avanse jistik anviwònmantal, amelyore kalite lavi pou rezidan yo, ak abòde plizyè deseni dezenvestisman", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Lè mwen te rankontre Majistra Patterson-Howard epi mwen te tande pale sou gravite kriz sa a nan vil li a, mwen te imedyatman mande administrasyon mwen an pou kowòdone ak vil la ak konte a epi repare mal sistemik sa a. Mwen tèlman fyè de efò kolektif ak kolaborasyon nou yo pou pote viktwa nan kad jistik anviwònmantal k ap pote transfòmasyon sa a."

**George Latimer, ki se Chèf Egzekitif Konte Westchester, te deklare, "Mwen vle**

remèsyé Gouvènè Kathy Hochul pou lidèchip li nan abòde defi sa a ki depi lontan t ap ravaje Vil Mount Vernon pandan plizyè deseni, Envestisman enpòtan nan enfrastrikti dlo egou ak dlo ize ki aje nan Mount Vernon lan absoliman nesesè, paske plizyè milye pwopriyetè ap soufri dirèkteman ak pwoblèm rezèv dlo egou epi pwoblèm sante ki gen rapò ak li, epi inondasyon dlo egou ap antre nan rivyè Hutchinson ak Bronx ki toupre yo yon fason inevitab. Tiyo Mount Vernon yo ansyen, wouye ak chaje twòp, epi enpasyan pou kòmanse patenarya tripati sa a ant Eta a, Konte a ak Vil la pou repare li."

**Majistra Mount Vernon Ian, Shawyn Patterson-Hooward, te deklare,** "Mwen vle remèsyé Gouvènè Kathy Hochul pou envestisman istorik sa a nan Vil Mount Vernon. Rebatí enfrastrikti nou an enpòtan anpil pou sante ekonomik, sosyal ak fizik kominote a. Mèsi a ekip Mount Vernon, Westchester ak NYS ki te travay san pran souf epi an kolaborasyon pandan kèk mwa ki sot pase yo pou pèmèt sa reyalize. Men ak kisa sa gouvènman k ap travay ansanm pou pèp la sanble epi nou kontan pou n avanse ansanm sou pwojè egou istorik sa a."

**Vis Prezidan Konsèy Konsilitatif pou Jistis Anviwònmantal nan Mezon Blanch Ian, Manm Konsèy Administrasyon Konsèy Defans Resous Nasyonal la, ak Fondatè Sant pou Antrepriz Riral ak Jistis Anviwònmantal la, Catherine Coleman Flowers, te deklare,** "Mwen rekonesan pou tout moun ki te tandé apèl pou èd la e ki te reponn. Anons jodi a nan Mount Vernon se yon egzanplè angajman eta a pou jistis sanitasyon pou tout moun."

Patenarya Eta-Konte-Vil inovan an te enskri nan yon Memorandòm Konpreyansyon (Memorandum of Understanding, MOU) pou akselere pwojè priyorité yo epi dekri wòl, responsabilite, ak finansman ki disponib pou efò sa a nan tout vil la. Memorandòm lan fòme ofisyèlman patenarya tripati ant vil Mount Vernon, Konte Westchester, ak Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la, ki reprezante plizyè ajans eta, tankou itilizasyon 7 milyon dola nan fon Lwa sou Enfrastrikti Dlo Pwòp (Clean Water Infrastructure Act) la pou lanse imedyatman travay enjenyeri, konsepsyon, ak konstriksyon Pwojè Egou Third Street la. Travay sou pwojè atravè vil la pral fêt an plizyè faz sou senk a sèt ane apre yon evalyasyon konplè sou enfrastrikti vil la kounye a.

Kòporasyon Etablisman Anviwònmantal (Environmental Facilities Corporation, EFC) Eta a pral bay 8 milyon dola pou finanse reparasyon ijans ak relanse planifikasyon alontèm pou pwochen pwojè yo, tankou ranplasman tiyo plon. Finansman gen ladan yon prè ijans 5 milyon dola san enterè ak yon sibvansyon 1 milyon dola pou fè sondaj sou liy sèvis plon yo nan kominote sa a epi pou devlope yon plan ranplasman. EFC pral dedye tou 2 milyon dola pou sèvis konsiltan enjenyeri pou akselere travay nan kominote sa a. Anplis de sa, Mount Vernon, DEC ak EFC deja pran angajman pou antreprann yon pwogram jesyon byen ki pral envantè, evalye ak retrase enfrastrikti dlo pwòp vil la epi ede kreye yon plan pou finanse ak kenbe enfrastrikti kalite dlo Mount Vernon lan alontèm.

Biwo Retablisman Tanpèt Gouvènè (Governor's Office of Storm Recovery, GOSR) a

pral konplete amelyorasyon enfrastrikti piblik yo ak yon pwogram pilòt 3 milyon dola pou diminye danje anviwonmantal yo epi fè amelyorasyon rezistans nan pwopriyete prive. Kay k ap patisipe yo pral elijib pou reyabilitasyon tiyo ki andomaje yo, pou ranplasman liy sèvis plon yo, ak lòt reparasyon anviwònmantal ki nesesè yo.

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal la, Basil Seggos, te deklare**, "Envestisman istorik 150 milyon Gouvènè Hochul la pou amelyore enfrastrikti dlo vil Mount Vernon lan se yon etap enpòtan nan ede fè kominote sa a antye apre apil jenerasyon neglijans ak dezenvestisman. Mwen fyè pou m kanpe kòt a kòt ak patnè nou yo nan vil Mount Vernon ak Konte Westchester, ansanm ak kòlèg nou yo nan Kòporasyon Etablismen Anviwònmantal, Depatman Sante (Department of Health, DOH), ak Biwo Retablisman Tanpèt Gouvènè a, pou kòmanse Pwojè Egou Third Street la, ki make kòmansman angajman plizyè ane ak plizyè ajans Eta New York pou ranplase enfrastrikti ki aje yo nan vil la."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Kòporasyon Etablismen Anviwònmantal Eta New York a, Maureen A. Coleman, te deklare**, "Pwojè sa a se yon premye egzanp rezulta pozitif, tanjib pou moun ak kominote yo ki pwodui lè gouvènman travay ansanm. Patenarya sa a ak envestisman enpòtan Eta a mete aksan sou angajman Gouvènè Hochul pran pou itilize solisyon inovan pou amelyore ak pwoteje enfrastrikti enpòtan yo, bese enpak chanjman klimatik yo, epi adrese pwoblèm anviwonmantal, sante piblik ak kalite lavi nan kominote ki istorikman chaje twòp yo. EFC selebre inisyativ sa a epi li rete devwe pou bay gouvènman lokal yo resous finansye ki nesèsè yo pou asire yo gen sèvis dlo modèn ki ka pote repons, ki esansyèl pou yon kominote ki an sante epi k ap pwospere."

**Komisè Sante Eta New York la, Doktè Mary T. Bassett, te deklare**, "Ekite nan sante kòmanse ak aksè san kanpe ak bezwen debaz imen tankou dlo pwòp pou bwè ak eliminasyon dechè yon fason ki fyab. Avèk envestisman sa a, Gouvènè Hochul ap repare plizyè deseni mal nan bay kominote tankou Mount Vernon priyorite ki istorikman pa te gen resous ki nesèsè pou aplike pwojè ki lakòz yon nivo lavi ki pi an sante ke tout Nouyòkè merite."

**Direktris Ekzekitif Biwo Retablisman Tanpèt Gouvènè a, Katie Brennan, te deklare**, "Resous desendant yo egzije planifikasyon ak patenarya asandant pou konstwi kominote ki an sekirite ak rezistan, epi nou pare pou travay nan tèt kole ak Konte a ak Vil la pou respekte angajman Gouvènè Hochul pran pou abòde inegalite ki egziste depi lontan nan lojman an. Inisyativ istorik sa a pral non sèlman bay amelyorasyon enpòtan nan enfrastrikti piblik Vil la, men li pral pilote yon envestisman dirèkteman nan kay rezidan Mount Vernon yo."

**Administratè Rejyonal pou Rejyon 2 EPA a, Lisa F. Garcia te deklare**, "Administrasyon Biden-Harris la te dinamize Fon Renouvlab Eta (State Revolving Funds) a pou kreye djòb pandan y ap amelyore enfrastrikti dlo Etazini an ki aje a epi li adrese defi kle tankou enfrastrikti tretman dlo egou ki aje ak plon nan dlo potab menm jan ak sa ki nan kominote tankou Mount Vernon yo. Alavni epi nan kad yon mekanis

finansman diferan, Lwa sou Enfrastrikti Bilateral (Bipartisan Infrastructure Law) la pral ede finanse travay tankou sa a epi ki tou senpleman pral pote transfòmasyon. Se sèl pi gwo envestisman nan enfrastrikti dlo ke gouvènman federal la te janm fè."

Lè li antre nan MOU an ak Eta New York ak Konte a, Vil Mount Vernon ap franchi yon etap enpòtan pou rezoud vyolasyon Lwa sou Dlo Pwòp la ki egziste depi lontan nan kad yon Dekrè Konsantman Federal (Federal Consent Decree).

**Senatè Charles Schumer te deklare**, "Envestisman 150 milyon dola jodi a nan enfrastrikti dlo Mount Vernon se egzakteman kalite pwojè mwen te anvizaje lè m te mete presyon sou pwojè lwa sou enfrastrikti ak travay la. Pandan twò lontan Mount Vernon te soufri anba mank envestisman, sa ki lakoz tiyo ki aje, risk sante publik, ak menas nan rezèv dlo egou toksik nan kay yo chak fwa lapli tonbe. Mwen te fyè pou m goumen pou rezidan Mount Vernon yo nan Washington pou repare mal sa a, epi nou fyè pou nou vèse plizyè milyon dola pou avanse pwojè sa a. Patenarya istorik jodi a, ak Gouvènè Hochul, lye ak plizyè bèle kantite lajan federal, se rezon ki fè mwen te goumen anpil pou bay èd lokal nan plan Sovtaj Ameriken an ak envestisman istorik nan enfrastrikti dlo."

**Senatè Kirsten Gillibrand te deklare**, "Tout Moun New York merite aksè ak dlo pwòp, ki san danje epi ki potab. Finansman sa a fè nou vin yon pa pi pre pou fè sa vin yon reyalite. Mwen bat bravo pou envestisman istorik Gouvènè Hochul fè nan pwojè sa a epi mwen pral kontinye goumen pou finansman pou amelyore enfrastrikti dlo New York la."

**Reprezantan Jamaal Bowman te deklare**, "Enfrastrikti dlo Mount Vernon lan kreye gwo inegalite nan dlo ak sante publik ki date depi lontan nan tout vil la. Envestisman 168 milyon sa a se yon envestisman esansyèl nan Mount Vernon pou amelyore ak repare sistèm ki anplas yo kounye a. Finansman sa a ajoute sou 3 milyon dola nan Finansman Pwojè Kominotè pou Ane Fiskal 2022 a yon fason konbine ke mwen te sekirize ansanm ak Lidè Majorite a Chuck Schumer pou reparasyon ak amelyorasyon enfrastrikti egou dlo yo. Jodi a, nou pi pre anpil pou nou abòde yon bezwen enfrastrikti ki dire depi lontan nan kominote nou an."

**Lidè Majorite Sena a, Andrea Stewart-Cousins te deklare**, "Rezidan Mount Vernon yo merite enfrastrikti ki bay aksè ak dlo pwòp ki potab ak sanitasyon ki an sekirite yon fason ki fyab. Mwen te travay sere ak Gouvènè Hochul, Majistra Patterson-Howard, Chèf Egzekitif Konte Latimer ak delegasyon Sena Westchester nou an pou bay finansman enpòtan sa a pou modènize enfrastrikti dlo ize Mount Vernon lan. Envestisman istorik sa a pral yon gwo ogmantasyon pou lanse Pwojè Egou Third Street la epi li pral ranfòse enfrastrikti dlo pwòp Mount Vernon lan pou li vin pi rezistan. Mwen remèsyé Gouvènè Hochul paske li bay envestisman esansyèl sa a priyorite pou revitalize enfrastrikti publik Mount Vernon lan epi amelyore kalite lavi pou tout rezidan li yo."

**Senatè Et a, Jamaal T. Bailey, te deklare**, "Envestisman nan enfrastrikti Mount Vernon lan entegral pou avanse jistis anviwònmantal la. Finansman istorik sa a pral pote transfòmasyon pou rezidan nou yo ki gen plizyè deseni ke yo ap lite ak enfrastrikti dlo k ap delabre ak yon sistèm egou ki an degrade ak deteryore. Avèk envestisman ak patenarya renouvelé, Vil Mount Vernon ka kòmanse avanse reparasyon ki nesesè yon fason dezespere yo epi rekonstwi yon sistèm ki pral kontinye sèvi bezwen Vil nou an byen alavni. Mwen vle remèsyé Gouvènè Kathy Hochul, Majistra Mount Vernon lan Shawyn Patterson-Howard, Chèf Egzekitif Konte Westchester a George Latimer, ak Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal Eta New York la Basil Seggos, paske yo bay finansman sa a priyrite pou Mount Vernon."

**Manm Asanble J. Gary Pretlow te deklare**, "Avèk patenarya istorik sa a, Vil Mount Vernon kapab kounye a kòmanse travay enpòtan pou modènize sistèm dlo ak egou nou yo. Envestisman enfrastrikti yo souvan se pi gwo angajman yon kominate ka pran. Avèk inondasyon tanpèt ak dlo egou k ap ravaje anpil nan kay vil nou yo depi lontan, patenarya sa a pral soulaje defi finansye vil nou an ap rankontre pou kenbe, repare ak ranplase enfrastrikti ki aje."

An [desanm](#), Gouvènè a te anonsé yon sibvansyon pwogram 10 milyon dola Pwogram Pwojè Amelyorasyon Kalite Dlo (Water Quality Improvement Project, WQIP) ki soti nan DEC pou Mount Vernon ki pral amelyore kalite dlo nan Rivyè Hutchinson la nan amelyore yon pòsyon nan devèsq dlo ize minisipal vil la pou anpeche dechaj dlo egou kri. Sibvansyon sa a fè avanse travay ke Dekrè Konsantman Federal la egzije. DEC te bay tou yon lòt 75,000 dola Sibvansyon pou Planifikasyon Non Ponkyèl pou sipòte katografi sistèm egou tanpèt separe minisipal Mount Vernon lan pou anpeche ekoulman polye afekte kominate lokal yo ak anviwònman an. Anplis de sa, EFC te bay de Sibvansyon pou Planifikasyon Enjenyeri ki totalize 200,000 dola an 2021. Lòt envestisman Eta a pou ede rezoud pwoblèm enfrastrikti dlo ize Mount Vernon lan genyen ladan yon sibvansyon WQIP ki evalye a 1.6 milyon dola yo te bay an 2016.

Bidjè yo Adopte pou Ane Fiskal 2023 a chita sou angajman Eta New York nan enkli plis pase mwatye milya dola nan envestisman dirèk nan inisyativ dlo pwòp, ki genyen ladan yo:

- 500 milyon dola nan finansman enfrastrikti dlo pwòp, k ap mete total envestisman Eta a nan dlo pwòp a 4.5 milya dola depi 2017;
- 400 milyon dola - yon nivo finansman rekò pou Fon Pwoteksyon Anviwònmantal la (Environmental Protection Fund) - pou sipòte pwojè enpòtan ki fonksyone pou diminye risk efè chanjman klimatik la, amelyore resous agrikòl yo, pwoteje sous dlo yo, fè efò prezèvasyon yo avanse, epi bay opòtinite rekreyatif;
- 4.2 milya dola pou Lwa sou Obligasyon Anviwònmantal Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Vèt la. Si elektè yo apwouve li sezón otòn sa, inisyativ istorik sa pral bay sipò Eta New York bezwen pou pwoteje ak amelyore resous dlo nou yo, retabli abita anviwònman ki enpòtan yo; diminye risk inondasyon; konsève plis tè ak espas ouvè; pwoteje ak amelyore resous

- dlo nou yo; epi envesti nan pwojè rediksyon chanjman klimatik k ap diminye polisyon epi redui emisyon kabòn yo; epi
- Pwoteksyon adisyonèl kalite dlo ak amelyorasyon esansyèl nan pwogram pwoteksyon tè imid Eta a yo, k ap pwoteje anviwon 404,684 ekta siplemantè abita tè imid ki pa pwoteje epi ede New York adapte ak plis inondasyon ak gwo tanpèt ke chanjman klimatik lakòz.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418